

ZVIRATIDZO ZVECHIRWERE CHEGAUCHER

Gaucher chirwere chisingawanzoitiki chinotapuriranwa (muropa) chekushomeka kwema-enzyme. Zviratidzo zvacho zvinobvira pakusakurwarisa zvinesimba kusvikira pakukudzamira uye chinogona kuitika pachero nguva, kubvira pahucheche kusvika pahuchembere. Zvinobatanidza kushomeka kweropa (kushomeka kweropa tsvuku) kunzwa kuneta (kupera simba), kusvuuka zviri nyore uye kungo buda ropa. Kanduru kakurisa nechitaka nedumbu rinenge raita zvekufuta zvinogona kuitika kusanganisira kurwadziwa nemabhonzho, kusasimba kwemabhonzho nehuremu zvichiita kuti ave nyore kutyoka.

Vanhu vane chirwere cheGaucher vanenge vaine enzyme inonzi glucocerebrosidase shoma. Enzyme iyi inobatsira muviri kuti uuraye masero anenge afa uye semugumisiro, chinhu chine mafuta chinonzi glucocerebroside chinoungana munduru, pachitaka, mumwongo, kashoma kacho mumapapu uye padzimwe mhando ndechirwere cheGaucher mumuzongoza.

Mhando 1 yechirwere cheGaucher ndiyo inonyanya




Ita zvekusikana kuti udhaunirodhe kabhuku kedu kane mashoko
azere bit.ly/gdinfor

kuitika ichibata 1 munhu mumwechete pavanhu 100,000Vanhu vazhinji vane chirwere chemhando 1 yeGaucher

chirwere hachina zviratidzo zvacho uye unotorarama zvakanaka.

Mhando 2 yechirwere cheGaucher haiwanzoitiki, asi imhando inokurumidza kukura ichikanganisa muzongoza nenduru, chitaka, mapapu nemabhonzho.

Mhando 3 yechirwere cheGaucher, kana kuti chinonzi chirwere cheneuronopathic Gaucher, chiri pakati nepakati pemhando 1 ne2. Varwere vanenge vaine zvose zvinoti zvemukati (mapapu, chitaka, nenduru) uye zvemupfungwa (huropi) zvakabatanidzwa. Zvisinei, kubatanidzwa kwezvehuropi hakuna kunyanya pane kana iri mhando 2 yechirwere.



**Simba rezivo pakuonekwa
kwechirwere
panguvaKugadzira
ramangwana rakanaka**



**ZVIRATIDZO ZVECHIRWERE
CHEGAUCHER**

**CHIRWERE CHEGAUCHER
CHINOONEKWA SEI?**



CHIRWERE CHEGAUCHER CHINOONEKWA SEI?

**Nzira yekuona nayo zvirwere
zvakanwanda, zvikuru se cheGaucher,
haina kunanga nguva dzose.**

Kazhinji, murwere anotanga nekuenda kunoona chiremba nekuda kwerimwe dambudziko rakadai sechidzihwa, kungorwadziwa kusina tsanangudzo, kana kuti kunoongororwa senguva dzose. Kunyange zvazvo kubata chirwere cheGaucher kusina kuoma, zvimwe zviratidzo zvacho zvakanwanda nezvezvimwe zvirwere. Chiremba anotanga aita dzimwe ongororo kuti azive kana zvisiri zvimwewo zvirwere zvakanwanda.

Somuenzaniso, kana murwere aine ropa shoma, anachiremba vanogona kutanga nekuongorora kana risiri gomara ropa. Kana murwere achirwadziwa nemajoini, chiremba anogona kutanga nekufungidzira kuti i-arthritis. Dzimwe nguva nyanzvi dzinoona nezvemasero, vanoona nezveropa, kana kuti mashandiro emuviri, vanogona kubatsira pakuona kana zviri zviratidzo zvechirwere cheGaucher zvisiri zvezvimwewo zvirwere.

Chirwere cheGaucher chinogona kuonekwa nekungoongororwa ropa - nekuyera huwandu hwe-enzyme iri muropa rako uye kuona kuchinja kwemasero eglucocerebrosidase.

Chirwere cheGaucher chinogona kufungidzirwa kuti ndicho pavarwere vane nduru yakarebesa, vanobuda ropa nyore-nyore, vanorwadziwa nemajoini kana mabhonzoro kana kutyoka nyore kwemabhonzoro.

CHIREMBA WEVANA anogona kuongorora mwana anenge achirwadziwa nepaguvhu kana kubuda mututu nguva nenguva.

CHIREMBA WEROPA anogona kuongorora munhu anenge aine masero emaplatelet mashoma.

CHIREMBA WEMABHONZO anogona kuongorora chirwere cheGaucher paanenge achirapa munhu anenge achityoka mabhonzoro zvisina tsanangudzo.

Chirwere cheGaucher chinofungidzirwa pavanhu vane nhengo dzemhuri dzakambobatwa nechirwere ichi.

**Sangano reThe International
Gaucher Alliance mubatanidzwa
wemasangano ose anomiririra
mapoka ose evarwere pasi
rose.**

**Kuona kana paine boka
munyika mako, uye pamusoro
pemashokowo zvawo echirwere
cheGaucher, enda pawebhusaiti
yedu inoti
www.gaucheralliance.org**



IGA isangano repasi rose iro rakava 'rekuendera' seizwi repasi rose munharaunda dzinopfura 90% pasi rose revarwere veGaucher uye rakagadzira zita raro nekuteerera nekupa zvinhu zvinobatsira varwere nehupenyu hwevanovatarisira. Kana uchida kutsvaga boka revarwere wemunzvimbo mako, kubatana nerimwe remasangano edu anopfura 50+ kuti ubatsirwe, uwane mazano nenhau, shanyira gaucheralliance.org/member-directory.

MUONO WEDU:

Nyika iyo varwere vese veGaucher vanokwanisa kuwana mushonga uye kutarisirwa sezvavanoda uye kurapwa kuchikwanisika.

TSIKA DZEDU:

Tiri: vanhu vanoitira hanya varwere, vakavimbika, vanoshandika navo, vakangwaririra uye vane mutsa

BASA REDU:

- kupa masimba nhengo dzaro
- kumiririra varwere veGaucher
- kuva nechokwadi chekuti nyaya yekuitwa kwetsvakurudzo yechirwere cheGaucher yakanangana nezvinodikanwa zvevarwere zvisati zvazadziswa
- kutora matanho ose ekugadzirisa zvinetso zviri kusangana nevarwere veGaucher pasi rose pakuita kuti vakurumidze kuonekwa kuti vane chirwere ichi uye kurapwa zvakanaka nekutarisirwa.